# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–16 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु प्रयागराज महाकुंभ में कुंभ की आस्था अउर जलवायु परिवर्तन सम्मेलन क सुरूआत कइलें। एह मौका पर उहां के कहलीं कि एह सृष्टि में खाली अदमिये एगो जीव नाही हौ, जीव जन्तुओं क जीवन चक्र अदमियन के साथे अउर अदमियन क जीवन चक्र उनकरे साथ जुड़ल हौ। उनकर अस्तित्व रहलही पर हम्मन क अस्तित्त रही आ जे उन पर संकट आइ त हमनो पर संकट आ जाई। उहां के कहलीं कि प्रलय क इंतजार कइलें बगैर धरती के हरिहर बनाईं। हम सभन के आस्था के साथे जलवायु परिवर्तन के कारनों पर विचार कई के ओकरे निस्तारण क उपाई करे के होई।

***उत्तर प्रदेश में पिछले 8 वर्ष के अंदर हमारी सरकार ने 210 करोड़ वृक्षारोपण किया, जिनमें से हमने वन विभाग के द्वारा करवायें उसमें 70 से लेकर 80 फिसदी पौधे सुरक्षित हैं और जो हमने विभिन्न संस्थाओं के माध्यम से करें उनमें से 60 से 70 फीसदी पौधे सुरक्षित हैं फॉरेस्ट कवर को बढ़ाया गया डीजल से चलने वाली बस के स्थान पर इलेक्ट्रिक बस को प्राथमिकता दी उसके लिए पॉलिसी बनाई उसके लिए अनेक कार्यक्रम बढ़ाएं मर चुकी नदियों को फिर से पुनर्जीवित करने का कार्य किया।***

मुख्यमंत्री कहलें कि तेरह जनौरी से सोरह फरौरी के बिच्चे बावन करोड़ सरधालु पवित्र त्रिवेणी में आस्था क डुबकी लगा चुकल हवें। ई तब्बे सम्भव हो रहल हौ जब मां गंगा, जमुना अउर मां सरस्वती के कृपा से संगम में अविरल पानी मिलि रहल हौ।

**********

प्रयागराज महाकुंभ में ढेरि संख्या में सरधालुअन के अइले क सिलसिला जारी हौ। आजु केन्द्रीय परिवहन अउर राजमार्ग मंत्री नितिन गड़करी परिवार के साथे त्रिवेणी संगम में नहइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि महाकुंभ खाली एगो धारमिक आयोजनें नाहीं हौ बलुक एक भारत श्रेष्ठ भारत के भावना के मूर्त रूप देवे वाला मौका हौ, जहवां देस क लोगि एक आस्था अउर संस्कृति से बन्हल रहे लें।

केन्द्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधानो पवित्र त्रिवेणी में डुबकी लगवलें अउर महाकुंभ में सामिल भइले के सौभाग्य बतवलें।

***हम खुद को अत्यन्त पवित्र महसूस कर रहे हैं ये अतयन्त मेरे पूर्वजों की मेरे समाज की, मेरे सनातन सभ्यता की हम सभी के ऊपर इतना कल्याण रहा है। इतना दया रहा है आज मै हमारी परंपरा की अन्नय श्रद्धा की केन्द्र त्रिवेणी संगम में महाकुंभ के दौरान जो एक सौ चौव्वालिस साल के बाद हम लोगों के सौभाग्य में आई न जाने कितने पीढ़ि पहले और कितनी पीढ़ि के बाद हमारी कोई वंशज इस सौभाग्य को प्राप्त करेगा।***

श्री प्रधान अपने सोसल मीडिया प्लेटफारम पर लिखलें कि महाकुंभ, सनानत सभ्यता, संस्कृति, दर्शन अउर हम्मन क सास्वत परम्परा के जीवन्तता क प्रमाण हौ। महाकुंभ में अमृत स्नान एगो यादगार अनुभूति हौ। ओहीं, प्रदेस क सूक्ष्म, लघु अउर मध्यम उद्यम मंत्री राकेश सचान, उच्च शिक्षा मंत्री योगेन्द्र उपाध्याय अउर परिवहन राज्य मंत्री दयाशंकर सिंहो त्रिवेणी संगम में डुबकी लगवलें।

**********

नई दिल्ली रेलवे स्टेसन पर बीतल राति भइल भगदड़ क उच्चस्तरीय जांचि सुरू हो गइल हौ। उत्तर रेलवे क मुख्य जनसम्पर्क अधिकारी हिमाशु शेखर बतवलें कि येह भगदड़ में अठारह लोगिन क मउति भइल हौ।

**********

महराजगंज में आजु भइल एगो गोस्ठी के सम्बोधित करत केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी कहलें कि केन्द्र सरकार क केन्द्रीय बजट आम अदमी के जिनगी में खुसी लावे वाला हौ। एहमें सज्जो वर्ग के हित क धियान रक्खल गइल हौ। नौजवान, महिला, गरीब अउर किसान सबके केन्द्र में रखि के बजट में योजना बनावल गइल हौ। श्री चौधरी कहलें कि बजट में बिकसित भारत के गति तय कइले क लक्ष्य रक्खल गइल हौ।

**********

पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे पर बाराबंकी के लग्गे बस से टक्कर में टैम्पू ट्रेवेलर सवार अजोध्या जा रहल चारि सरधालुअन क मउति हो गइल जबकि कुछु अउरियो लोगि घाही हो गइलें। घाही लोगिन के पुलिस अस्पताल में भरत करवले हौ। पुलिस अधीक्षक दिनेश कुमार के मोताबिक छत्तीसगढ़ से अजोध्या जा रहल एगो बस खराब भइले के नाते पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे पर खड़ा रहल। आजु भिन्नहीं महाराष्ट्र से अजोध्या जा रहल टेम्पू ट्रेवेलर पाछे से टक्कर मारि दिहलस, जेहसे टेम्पू ट्रेवेलर सवार चारि सरधालुअन क ओहिजुकवें मउति हो गइल।

**********